

Lwa federal ki mande pou Chak timoun reyisi Every Student Succeeds Act mande lekòl bay egzamen ELA ak Matematik la chak ane nan klas 3-8 ane ak yon fwa nan lekòl segondè; pou syans, lekòl dwe bay evalyasyon an yon fwa nan lekòl primè, nan lekòl presegondè ak nan lekòl segondè. Anplis satisfaksyon pou egzijans federal ak eta a, egzamen sa yo ede mezire tou pwogrè elèv ak lekòl yo fè ane apre ane. Men yon lis kesyon ak repons ou ka genyen osijè egzamen sa yo.

Kilè egzamen eta yo ap fèt pou klas 3yèm rive 8yèm ane?

Pou 2017 la, y ap bay egzamen ELA yo nan dat 28 mas rive 30 mas, avèk egzamen ratrapaj nan dat 31 mas, 3 ak 5 avril. Yap bay egzamen matematik yo nan dat 2 me rive 4 me, avèk egzamen ratrapaj nan dat 5 me, 8 me rive 10 me. W ap jwenn yon orè konplè pou egzamen yo nan [kalandriye lekòl ki sou entènèt la](#).

Kòman yo itilize rezilta egzamen yo?

Evalyasyon eta yo se yon eleman enpòtan nan pwogram edikasyon debaz yon elèv. Yo bay yon evalyasyon sou kòman elèv metrize kontni ak konesans divès kou etid, yo sèvi kòm yon zouti pou mezire nan ki degre elèv la sou wout pou li gradye lekòl segondè, prepare pou kolèj ak karyè, epi yo ede fòme enstriksyon alavni. Akote ranman elèv nan travay yo fè nan salklas, pwojè, disètasyon, ak evalyasyon, rezilta egzamen eta yo bay pwofesè enfòmasyon enpòtan sou nivo elèv yo nan chemen yo pou pare pou kolèj ak karyè.

Depatman edikasyon Vil Nouyòk itilize rezilta egzamen yo pou evalye kòman lekòl ap travay pou idantifye domèn kote yo ka ede lekòl la pi byen. Anplis, kèk pwogram ak lekòl presegondè ak segondè DOE itilize rezilta egzamen eta yo kòm yon faktè pou yo pran desizyon pou admisyon; elèv ki pa gen rezilta egzamen eta yo kapab toujou aplike pou pwogram sa yo, men yo ka bezwen pou pran lòt etap (gade pi ba a pou plis enfòmasyon). Egzamen eta sa yo p ap gen konsekans pou elèv chanje klas ni konsekans evalyasyon fòmèl pou pwofesè oswa direktè jiska omwen ane lekòl 2019-2020. Y ap itilize mezi ki baze sou evalyasyon sa yo sèlman nan objektif devlopman ak fòmasyon sèlman.

Konbyen tan yo bay yon elèv pou fini egzamen eta a?

Menm jan ak ane pase, yo p ap limite tan egzamen ane sa a. Depi elèv la ap travay yon fason aktif l ap kapab travay nan pwòp ritm yo, epi tout elèv, menm sa ki gen akomodasyon yo, kapab remèt egzamen an lè yo fini.

Sa ki rive si yon elèv absan lè y ap bay egzamen an?

Si yon elèv absan lè y ap bay egzamen an, lekòl la ap ba elèv la egzamen an pandan peryòd egzamen ratrapaj la. Si yon elèv absan tou pandan peryòd ratrapaj la, yo p ap ba elèv la egzamen an.

Èske gen yon dispozisyon pou paran mande dispans pou pitit yo pa pran egzamen eta yo oswa mande yon lòt evalyasyon ?

Eksepte nan kèk domèn kote yo egzije konsantman paran, tankou nan evalyasyon Komite pou Edikasyon espesyal *Committee on Special Education (CSE)* pou elèv ki gen andikap and nan kèk sondaj ak etid presi gouvènman federal finanse dapre Amannman Pwoteksyon federal Dwa elèv, pa gen okenn dispozisyon nan Lwa oswa règleman Eta a ki pèmèt paran mande dispans pou pitit yo pa pran Egzamen eta yo oswa pou mande yon lòt evalyasyon. Si paran vle pou pitit yo pa pran egzamen leta yo, se pou yo pale avèk direktè lekòl pitit yo a. Si apre paran yo fin pale avèk direktè a yo toujou vle pou pitit yo pa pran egzamen an, direktè a sipoze respekte desizyon paran yo epi fè yo konnen lekòl la ap fè tout sa li kapab pou bay elèv la yon lòt aktivite pedagogik (paegzanp lekti) pandan lè egzamen an. Paran an ak direktè a dwe kenbe yon dosye alekri sou konvèsasyon sa a.

Ki sa k ap pase si yon elèv refize pou pran egzamen eta a?

Si yon elèv nan lekòl la epi li refize pran tout egzamen eta a, lekòl la ap ranpli tiboul "refize pran egzamen an" nan dokiman repons la pou chak twa jou y ap bay egzamen an. Lekòl la ap fè tout efò pou ba elèv la yon lòt aktivite pedagogik pou l fè, tankou lekti oswa fini yon lòt pwojè oswa devwa.

Elèv ki pa patisipe p ap resevwa yon nòt, menm bagay la pou elèv ki te la nan egzamen an men ki pa reponn okenn kesyon oswa elèv egzamen yo pa t valab akoz yon erè administrasyon. Tanpri sonje y ap konsidere nenpòt elèv ki reponn menmsi se yon kesyon nan nenpòt pati egzamen an, epi refize pou kontinye apre, kòm yon elèv ki pran egzamen an epi l ap resevwa yon nòt.

Men enpak ki genyen sou elèv ki refize pran yon egzamen:

Pou desizyon pou chanje nivo klas: Pandan tout ane a, lekòl evalye elèv pou wè ki pwogrè y ap fè pou yo rive nan nòm aprantisaj Common Core la. Yo evalye elèv yon fason global kote yo itilize divès mezi, tankou rezilta egzamen eta yo, nòt yo fè, kanè yo, egzanp tèks elèv la ekri, pwojè, devwa ak lòt travay elèv ki baze sou ranman. Byenke yo ka konsidere nòt egzamen eta yo, yo pa ka sèvi kòm premye faktè ni faktè prensipal nan desizyon pou chanje nivo klas. Yo pa kapab penalize yon elèv ni fè l double yon klas sèlman paske li pat pran yon egzamen eta.

Si yon lekòl detèmine gen ase prèv yon elèv ap fè ase pwogrè nan matematik ak nan ELA (epi si elèv la pase tout kou matyè debaz yo nan klas 8yèm ane), donk y ap chanje elèv la nivo klas.

Si yon lekòl detèmine elèv la pa fè ase pwogrè nan matematik ak nan ELA, dapre divès prèv pandan ane lekòl la, lekòl la ap ranpli yon pòtfolyo pou yo ka detèmine si elèv la pare pou li chanje nivo klas. Pòtfolyo pou chanje nivo klas yo mache avèk Common Core la, yo reprezante yon evalyasyon reyèl aprantisaj elèv, epi yo genyen fleksibilite pou lekòl la mete ladan yo evalyasyon ak travay elèv fè pandan ane a. Si pòtfolyo pou elèv chanje nivo klas la demontre elèv la satisfè kondisyon nòm pou l chanje nivo klas la, donk y ap mete elèv la nan nivo klas ki vin apre a. Lekòl pa ka mande elèv pou konplete yon pòtfolyo pou chanje nivo klas, sèlman paske yon elèv pa pran egzamen eta a.

Pou plis enfòmasyon sou règleman pou chanje nivo klas, ladan kritè pou elèv ELL ak elèv ki gen IEP chanje nivo klas, gade "[What to Expect: Promotion and Summer School.](#)"¹

Pou desizyon sou admisyon nan lekòl oswa pwogram: Avèk [lwa](#)² eta Nouyòk pase an mas 2014, okenn lekòl oswa pwogram DOE pa sipoze itilize rezilta egzamen eta yo sèlman kòm sèl, prensipal faktè, oswa faktè enpòtan nan règleman admisyon yo. Pwosisyon ki pi ba a se sitiyasyon kote yo itilize rezilta egzamen eta a kòm youn nan divès kritè pou admisyon.

Anplis, kèk lekòl presegondè ak lekòl segondè gen pwogram ki evalye dosye akademik ki itilize rezilta egzamen eta a kòm youn nan divès kritè pou admisyon, jan yo dekri l la nan [Anyè lekòl presegondè](#) ak [Anyè lekòl segondè](#)³⁴ a. Elèv ki pa gen rezilta egzamen eta a elijib pou yo aplike nan pwogram sa yo, epi lekòl yo anchaj pou yo devlope règleman sou kòman pou yo pran an kont rezilta egzamen ki manke sa yo nan desizyon admisyon. Tanpri kontakte lekòl yo dirèkteman pou jwenn plis enfòmasyon sou règleman endividyèl yo; si ou gen difikilte pou jwenn règleman pou admisyon nan yon lekòl, tanpri kontakte [Koòdonatè Lidèchip pou fanmi lekòl la](#).

Pou responsablite lekòl inivo eta a ak onivo federal: Dapre règleman federal ak règleman eta sou responsablite lekòl, NYS evalye pousantaj elèv nan yon lekòl ki patisipe nan egzamen eta yo. Kèlkeswa rezon an (kit se absans oswa refi), si mwens pase 95 % elèv nan yon lekòl oswa youn oswa plis nan sougwoup elèv li yo (egzanp mwens pase 95% elèv nwa, elèv ki gen andikap, etc.) pran evalyasyon matematik oswa ELA a, yo klase lekòl la kòm lekòl ki echwe pou fè ase pwogrè pou ane a *Adequate Yearly Progress (AYP)*. Sa mennen nan bagay sa a:

- Apre twa ane yon lekòl pa fè AYP pou menm sougwoup la, yo ka idantifye lekòl sa a kòm lekòl pou Plan èd lokal *Local Assistance Plan (LAP)*. Yo pa konsidere lekòl LAP yo kòm lekòl ki "an règ", epi jeneralman yo egzije yo pou fè lòt rapò ak obligasyon pou yo evalye tèt yo.
- Lekòl ki pa satisfè kritè to patisipasyon an pa elijib pou resevwa kalite "lekòl rekonpans" ki mete an evidans lekòl yo idantifye ki demontre rannman nivo wo oswa anpil pwogrè pa rapò avèk lòt lekòl nan eta a.

Kòman rezilta egzamen eta ane sa a afekte evalyasyon pwofesè ak direktè ak responsablite lekòl NYCDOE?

Dapre lwa eta a, yo p ap konsidere rannman elèv nan egzamen ELA ak matematik pou klas 3yèm-8yèm ane nan evalyasyon pèfòmans pwofesyonèl anyèl pwofesè ak direktè. Yo p ap mete okenn mezi ki baze sou rezilta egzamen eta a nan evalyasyon pèmanan pwofesè ak direktè, yo itilize yo nan objektif konsèy sèlman. Yo ka

mete rezilta ane sa a nan mezi pèfòmans lekòl yo prezante nan gid pou kalite lekòl NYCDOE a. Pou plis enfòmasyon, tanpri ale nan <http://schools.nyc.gov/Offices/advance/>.

¹ <http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/64DAAB5A-BED4-4F9C-B9ED-396D6D87FC25/0/Acpolicypromoforfamilies.pdf>

² <http://intranet.nycboe.net/NR/rdonlyres/E9E239C9-8C85-47DC-827D-DEA10CFD5D9D/0/305Generalpowersandduties.pdf>

³ <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/Middle/Resources/default.htm>

⁴ <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/High/Resources/default.htm>

Eske paran ka gade egzamen pitit yo apre timoun lan fin pran egzamen an?

Wi, paran ka gade nòt pitit yo nan Kont Lekòl NYC yo. Eta a distribye tou Kanè elèv endividyèl ki bay enfòmasyon pi detaye sou rannman elèv la. Anplis, fanmi kapab kontakte pwofesè oswa direktè lekòl pitit yo pou pale sou rezilta egzamen eta yo ak sou pwosesis akademik la an jeneral.

Paran kapab wè pòsyon nan egzamen pitit yo apre timoun lan fin pran egzamen an? Paran ka kontakte lekòl pitit yo pou yo mande gade repons pitit yo bay nan kesyon elokisyon yo nan liv 2 ak 3 konpozisyon anglè ak nan liv 3 matematik. Li obligatwa pou gen prezans pèsònèl lekòl lè w ap gade repons yo.

Eta a pa pèmèt pou paran wè repons pitit yo bay pou kesyon chwa miltip yo bay nan egzamen an. Olye sa, yo pibliye istorikman anviwon 50% kesyon sou chak egzamen pou reprezante tip kesyon k ap parèt nan egzamen an.